



Nowoviris (Norovirus)

Kisa nowoviris ye?

Nowoviris yo se yon gwoup viris ki bay dyare, vomisman ak doulè nan lestomak. Souvan, yo bay Nowoviris lòt non tankou gastwoanterit viral, grip lestomak ak anpwazònman pa manje. Li pa gen rapò ak grip (enfliyanza) ki bay maladi respiratwa òdinèman.

Kiyès ki pran nowoviris?

Nenpòt ki moun kapab pran maladi sa a. Yo jwenn li lakay moun sèlman e yo jwenn li toupatou dan le mond. Li trè fasil pou simaye e li trè kòmen akòz jan li fasil pou moun trape li.

Kisa senptom yo ye?

Òdinèman, senptom yo kòmanse 1 a 2 jou apre viris la te antre andedan kò moun nan, men senptom yo kapab parèt pi vit, 12 èd tan apre viris la te antre nan kò moun nan. Senptom òdinè yo, gen ladan yo noze (anvi vomi), dyare, vomisman, ak doulè nan lestomak. Kèk fwa, moun yo kapab prezante yon ti lafyè, frison, mal tèt, doulè nan misk yo (vyann kò a) ak fatig. Maladi a kapab parèt yon sèl kou e li posib pou yon moun trape enfeksyon nowoviris plizyè fwa. Kèk fwa, moun ki gen nowoviris pa prezante ankenn senptom ditou, men yo kapab pase enfeksyon an bay lòt moun.

Konbyen tan li dire?

Majorite moun yo geri nan 1 a 2 jou. Kèk fwa, moun ki enfekte yo pa kapab bwè ase likid pou ranplase sa y ap pèdi nan dyare ak vomisman epi yo vin dezidrate. Gen plis chans pou sa rive lakay timoun ki jèn anpil, granmoun yo oswa moun ki gen kèk lòt pwoblèm sante espesyal.

Kijan li simaye?

Yo twouve nowoviris yo nan pou pou oswa vomisman moun ki enfekte. Nowoviris yo soti nan men moun ki enfekte yo pou travèse nan manje, dlo, oswa sifas yo, lè moun ki enfekte yo pa lave men yo kòmsadwa lè yo sot nan twalèt.

Moun vin enfekte ak nowoviris:

- Lè yo manje manje oswa yo bwè likid ke yon moun enfekte te kontamine.
- Lè yo manje bèt lanmè ki pa kwit ki te rekòlte nan dlo kontamine.
- Lè yo manyen sifas oswa objè kontamine epi yo manyen bouch yo oswa yo manje san yo pa lave men yo anvan sa.

Kisa m ta dwe fè si m gen senptom sa a yo?

Bwè anpil likid pou pa dezidrate, lave men w souvan epi kontakte founisè swen sante w la pou nenpòt ki enkyetid ou ta genyen (espesyalman si w pa geri rapid oswa ou riske dezidrate).

Kontinye

Pandan konbyen tan yon moun enfekte kapab simaye nowoviris la?

Majorite moun yo kapab simaye viris la kòmanse moman yo santi yo malad la pou rive 3 jou apre yo fè mye. Li enpòtan ke w byen lave men w pou evite simaye maladi a bay lòt moun.

Èske m ta dwe rete lakay mwen san m pa ale nan travay mwen oswa lekòl?

Wi. Pou evite simaye maladi a bay lòt moun, yon moun malad ta dwe rete lakay li jiskaske li geri net e tout senptom yo disparèt. Dapre règleman sante piblik yo, **moun k ap manyen manje ak travayè sante yo pa dwe vini nan travay yo pandan 72 èd tan apre senptom yo disparèt.**

Kijan m kapab evite enfeksyon nowoviris?

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo cho, espesyalman:
 - Lè w sot nan twalèt
 - Lè w fin chanje kouchèt
 - Anvan w prepare manje
 - Anvan w manje
 - Asire w ke w lave men w pi souvan lè gen yon moun ki malad lakay ou a
 -
- Netwaye e dezenfekte sifas yo tout suit apre vomisman oswa dyare te tonbe sou yo
- Kwit manje yo kòm sa dwa (espesyalman bèt lanmè yo)
- Lave ak/oswa kale fwi ak legim yo anvan w manje yo
- Evite prepare manje pou lòt moun nan moman ou gen senptom yo e pandan omwen 3 jou apre ou fin geri

